

WE ARE YOUR DOL



Department of Labor

A proud partner of the American Job Center network

SANT KARYÈ ETA NOUYÒK

Sèvis Chèche Travay Pratik GRATIS
Payi Nò

KONSÈY POU KARYÈ AK ÈD POU FÈ CV

Konseye nou yo ap ede w evalye bezwen w genyen, konpetans ou, ak enterè w. Y ap gide w nan yon pwosesis etap pa etap pou ede w nan rechèch travay w ap fè. Anplwaye ki gen eksperyans ap ede w ekri ak fè yon CV ki bay rezilta. N ap montre w fason pou w fè cv w ak fason pou w fè piblisite pou konpetans ou sou Entènèt la.

ATELYE TRAVAY A DISTANS

Ou ka patisipe nan atelye travay a distans ak prezantatè ki la chak jou sou:

- Metòd pou chèche travay
- Rezo
- Negosyasyon Salè
- Sa pou w fè lè w pèdi travay ou
- Preparasyon CV
- Konpetans pou fè entèvyou

SAL RESOUS

Sant Karyè nou yo bay aksè òdinatè, telefòn, enprimant, aparèy pou w fè kopi, ak machin faks gratis.

RESOUS POU RECHÈCH TRAVAY, EVÈNMAN AK REKRITMAN

Biznis Eta Nouyòk yo bay lis pòs travay yo ak Depatman Travay. Ou ka gade tablo ki afiche travay yo ak kote k ap pran moun pou travay sou entènèt lè w ale sou: myjobsny.usnlx.com/

Espesyalis k ap mete moun nan travay yo ka ede w tou pou w fè yon rechèch travay ki presi. Anpil biznis sèvi ak sant nou yo pou yo fè rekritman travay ak entèvyou sou plas. statistics.labor.ny.gov/career-zone/career-calendar.shtml

SANT KARYÈ A DISTANS

Sant Karyè a Distans lan (VCC), prensipal sit pou chèche travay nan Eta Nouyòk, fèt pou ede moun jwenn pwochen karyè yo. Grasa entelijans atifisyèl avanse, moun k ap chèche travay yo ka asosye konpetans ak eksperyans yo ak opòtinite ki disponib nan biznis Nouyòk yo. dol.ny.gov/virtual-career-center-ind

EDIKASYON DEBAZ POU GRANMOUN / ANGLÈ KÒM YON DEZYÈM LANG

Nou ka refere w nan kou ki gratis pou ede w jwenn yon diplòm ki koresponn ak lekòl segondè oswa amelyore konpetans ou nan lang Anglè.

COURSERA

Ministè Travay Eta Nouyòk fè patenarya avèk Coursera, premye platfòm aprantisaj sou entènèt la. Grasa Coursera, moun ki nan chomaj nan Eta Nouyòk yo ap gen aksè ak anviwon 4,000 pwogram nan endistri k ap grandi anpil epi yo ka pèfeksyone konpetans yo nan syans, biznis, ak teknoloji. Anpil nan pwogram sa yo bay sètifika e yo ka ede w fè karyè w avanse.

KLAS PWOFEYONÈL AK FÒMASYON PRATIK (POU MOUN KI KALIFYE YO)

Nou ka bay fòmasyon nan yon tan tou kout pou karyè alontèm. *Sa depan de finansman ki disponib la ak règleman pwogram yo*

ARANJMAN AK TEKNOLOJI ADAPTE

Si w gen yon andikap e w bezwen yon aranjman oswa èd pou w ka benefisye tout sèvis yo ofri nan Sant Karyè a, tanpri fè anplwaye nou an konnen. Nou gen teknoloji adapte pou ede w gen aksè ak resous, tankou: lektè ekran, loup, lojisyèl ki chanje tèks an pawòl, telefòn tèks TTY, souri ki nan klavye òdinatè, ak klavye ki gen gwo lèt.

KONESANS NAN DOMÈN NIMERIK

Konesans nan domèn nimerik nesèsè pou w chèche, jwenn epi kenbe yon travay.

Sant karyè nou an ofri evalyasyon konesans nan domèn nimerik NorthStar ak fòmasyon sou:

Konpetans Enfòmatrik Esansyèl - Konpetans Enfòmatrik Debaz; Entènèt Debaz; Sèvi ak Imel; Windows; Mac OS

Konpetans Debaz sou Lojisyèl - Microsoft Word; Microsoft Excel; Microsoft PowerPoint; Google Docs

Sèvi ak Teknoloji nan Aktivite Chak jou - Rezo Sosyal;
Konesans Enfòmatrik; Konpetans Rechèch Karyè; Anprent
Nimerik

JWENN SANT KARYÈ NAN ZÒN OU AN

www.labor.ny.gov/career-center-locator

SANT KARYÈ PEYI NÒ

SANT KARYÈ ST LAWRENCE (ST. LAWRENCE CAREER CENTER)

80 State Highway 310, Suite 8
Canton, New York 13617-1498
315-386-3276
www.slconestop.com

35 Glenn Street
Massena, NY 13662
315-769-3596
www.slconestop.com

1031 Patterson Street
Ogdensburg, NY 13669
315-393-4600
www.slconestop.com

ELIZABETHTOWN ONEWORKSOURCE

PO Box 848
7572 Court St. Ste 2
Elizabethtown, NY 12932
518-873-3207
www.oneworksource.com

ESPAS TRAVAY LA (THE WORKPLACE)

5274 Outer Stowe Street
Lowville, Vil 13367
315-376-5800
www.jefflewisworkforce.com

MALONE ONEWORKSOURCE

158 Finney Boulevard
Malone, New York 12953
518-481-5755
www.oneworksource.com

ONEWORKSOURCE

194 US Oval
Plattsburgh, New York 12903
518-561-0430
www.oneworksource.com

ESPAS TRAVAY LA (THE WORKPLACE)

1000 Coffeen Street
Watertown, New York 13601
315-786-3651
www.jefflewisworkforce.com